

BAB III

MÉTODE JEUNG TÉKNIK PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode deskriptif. Méthode deskriptif nurutkeun Sudjana (1991: 52) nya éta métode nu digunakeun pikeun méré gambaran atawa ngajelaskeun peristiwa jeung kajadian anu aya di jaman kiwari. Jadi métode deskriptif anu digunakeun dina ieu panalungtikan tujuanna pikeun ngadésripsikeun kamampuh wawancara siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Cicaléngka, anu ngawengku (a) kamampuh ngawawancara, jeung (b) maluruh kasalahan nalika ngawawancara.

3.2 Téknik Panalungtikan

Téknik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téknik tés. Téknik tés digunakeun pikeun meunangkeun data kamampuh wawancara Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Cicaléngka

Téknik dina ieu panalungtikan pikeun ngukur kamampuh ngawawancara basa Sunda Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Cicaléngka, nu ngawengku : Tata basa, Kosa kecap, Pamahaman sarta Kalancaran ngawawancara.

3.2.1 Téknik ngumpulkeun data

Téknik anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan nya éta téknik tés. Tés digunakeun pikeun ngukur Tata basa, Kosa kecap, Pamahaman sarta Kalancaran ngawawancara.

3.2.2 Téknik Ngolah Skor

Téknik ngolah jeung analisis data dina ieu panalungtikan baris di tataan ieu di handap.

- 1) méré peunteun;
- 2) ngumpulkeun jeung ngelompokeun data hasil tés, dumasar kana tingkat kasalahan tina hasil ngawawancara Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Cicaléngka; jeung
- 3) nafsirkeun data, dumasar instrumen.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen nya éta alat pikeun ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan, instrumen nu digunakeun nya éta tés nu ngawengku format penilaian kamampuh ngawawancara tokoh dina pangajaran wawancara.

Pikeun maluruh gambaran kamampuh nyarita Kelas XI SMA Negeri 1 Cicaléngka, ngagunakeun rambu-rambu ieu di handap :

- 1) Tata basa
 - 1- 2 Loba kekecapan nu dipangaruhan ku basa kosta
 - 3- 4 Masih Kenéh aya kekecapan nu dipangaruhan ku basa kosta
 - 5- 6 Teu aya kekecapan nu dipangaruhan ku basa kosta
- 2) Kosa kecap
 - 1- 2 Struktur basana teu bener
 - 3- 4 Struktur basana kurang bener
 - 5- 6 Struktur basana geus bener

3) Kelancaran

1- 2 Teu lancar dina nyarita, loba eureun ngahuleng nu rék diomongkeun

3- 4 Rada lancar dina nyarita, loba eureun pikeun mikir nu rék diomongkeun

5- 6 lancar dina nyaritana

4) Pamahaman

1- 2 Teu pamam kana eusi anu rék diwawancaraun jeung topikna teu nyambung

3- 4 Rada paham kana eusi nu rék diwawancaraun tapi topikna geus nyambung

5- 6 Paham kana eusi anu rék diwawancaraun jeung topikna geus nyambung

Kategori kamampuh di luhur bisa di tafsirkeun ku skor sakumaha dina tabél konversi ieu di handap

TABÉL 3.1

TABÉL KONVERSI TINGKAT KAMAMPUH NYARITA

| JUMLAH SKOR | TINGKAT KAFASIHAN | KATEGORI |
|--------------------|--------------------------|-----------------|
| 16 - 43 | 1 | Kurang |
| 44 - 71 | 2 | Sedeng |
| 72 - 99 | 3 | Hadé |

(diropea tina Oller, 1979 : 232 : Valette, 1977 : 160.)

TABÉL 3.2

TABÉL PENILIAN WAWANCARA

| Deskripsi | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | |
|------------|---|----|----|----|----|--------|-------|
| kefasihan | | | | | | | |
| Tata Basa | 6 | 12 | 18 | 24 | 30 | 36 | |
| Kosa kecap | 4 | 8 | 12 | 16 | 20 | 24 | |
| Kelancaran | 2 | 4 | 6 | 8 | 10 | 12 | |
| Pemahaman | 4 | 8 | 12 | 15 | 19 | 23 | |
| | | | | | | Jumlah | |

(diropea tina Oller, 1979 : 232 : Valette, 1977 : 160.)

Data nu geus kakumpul, di tandaan sarta dianalisis nepi ka ngahasilkeu hiji kacindekan. Hasil tina analisis data mangrupa déskripsi kamapuh nyarita siswa ngagunakeun basa sunda dina ngawawancara tokoh.

3.4 Populasi jeung sampel panalungtikan

3.4.1 Populasi panalungtikan

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Cicaléngka dina taun 2008-2009

Tabél 3.1**Populasi Panalungtikan**

| No | Kelas | Jumlah Siswa |
|--------|-----------|--------------|
| 1 | XI IPS 1 | 40 |
| 2 | XI IPS 2 | 40 |
| 3 | XI IPS 3 | 40 |
| 4 | XI IPS 4 | 40 |
| 5 | XI IPA 1 | 33 |
| 6 | XI IPA 2 | 43 |
| 7 | XI IPA 3 | 42 |
| 8 | XI Bahasa | 36 |
| JUMLAH | | 398 |

3.4.2 Sampel

Sampel dina ieu panalungtikan nya éta Kelas XI nu di cokat 33 Urang dina sajumlah siswa 398 urang, nya éta Kelas XI IPA 1.

3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan, nya éta; 1) Tahap tatahar, 2) tahap ngumpulkeun data, 3) tahap ngolah data 4) tahap nyusun laporan panalungtikan.

3.5.1 Léngkah Tatahar

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan.

- 1) nangtukeun judul panalungtikan;
- 2) nyusun rancangan panalungtikan;
- 3) ngayakeun survéi;
- 4) nguruskun surat ijin panalungtikan; jeung
- 5) konsultasi jeung dosen pangaping.

3.5.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Data anu geus kakumpul satuluyna diolah dumasar kana tehnik ngolah data, sedengkeun léngkah-léngkah anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta néangan data ka SMA Negeri 1 Cicaléngka.

3.5.3 Léngkah Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun diolah dumasar kana téhnik ngolah data nya éta:

- 1) mariksa , niténan, jeung ngumpulkeun data ti lapangan;
- 2) nganalisis, ngadéskripsikeun jeung ngelompokeun ngaran siswa satuluyna ngadéskripsikeun unggal kamampuh siswa; jeung
- 3) nyieun kacindekan tina data hasil anu geus kapaluruh.

3.5.4 L ngkah Nyusun Laporan

L ngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya  ta ngalaporkeun data hasil panalungtikan dina wangun skripsi.

Sist matika nyusun ieu skripsi ditataan ieu di handap.

- 1) BAB I BUBUKA.
- 2) BAB II TATAPAKAN TIORI.
- 3) BAB II M TODE PANALUNGTIKAN .
- 4) BAB IV ANALISIS HASIL PANALUNGTIKAN.
- 5) BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN.

